



DENONSE

FWOD MEDICAID



**Denonse fwod, gaspiyaj
oswa abi Medicaid nan Biwo
Enspektè Jeneral Medicaid la**

**Gratis: 877-87-FRAUD
877-873-7283**

Fwod Medicaid se pa yon krim ki fèt san pa gen viktim epi li kapab fèt ansanm avèk gaspiyaj ak abi nan plizyè fason. Anba a gen kèk egzanp fwod, gaspiyaj, ak abi Medicaid.

Vòl Idantite Medikal

Lè ou itilize enfòmasyon medikal yon lòt moun pou jwenn lajan, materyèl, oswa sèvis.

Bay yon Kòd Faktirasyon ki pa Kòrèk/Degwoupman

Lè ou faktire pou sèvis nan yon nivo konpleksite ki pi wo pase sèvis ou bay oswa dokimante toutbonvre a, oswa ou itilize plizyè kòd pou sèvis yon sèl kòd garanti.

Sèvis oswa Materyèl ou Pa Bay

Lè ou faktire pou sèvis oswa materyèl ou pa bay yon benefisyè, sèvis ou pa dokimante kòm sadwa, oswa toude.

Kòb Anba Tab

Lè ou mande oswa resevwa peman (ki pa lajan oswa ki lajan kach) pou refere moun, machandiz, oswa sèvis yo ka peye nan kad pwogram Medicaid la.

Moun Yo Mete sou Kote

Lè ou anplwaye oswa siyen kontra ak moun oswa antite yo mete sou kote pou bay materyèl oswa sèvis, nenpòt pwogram Federal swen sante ak/oswa pwogram Medicaid Eta yo kapab ranbouse, dirèkteman oswa endirèkteman.

Detounman Medikaman

Se lè ou preskri, distribiye, abize, oswa itilize medikaman preskripsyon yo twòp yon fason ki pa legal.

Fwod Benefisyè

Se fwod elijiblite, pataj kat, ale kay plizyè doktè, ak detounmen medikaman.

Kalite Swen/ Abi/ Neglijans Pasyan

Se lè ou abize, neglije, oswa eksplwate pasyan Medicaid yo, tankou lè ou fè abi fizik ak mantal, refize bay sèvis ki nesèsè sou plan medikal, oswa neglije bay swen ki apwopriye oswa sifizan.

Fwod ak Abi Jeneral

Se lè ou bay fakti nan manyè ki pa kadre ak nòm jesyon finansyè oswa nòm pwofesyonèl ki solid; oswa peman/faktirasyon an se magouy lè ou fè li toutespre epi li fè abi si se pa espere ou fè.

Gaspiyaj

Se lè ou itilize avantaj Medicaid yo twòp, tankou yo lè yo preskri medikaman, ekipman ak materyèl medikal, oswa sèvis medikal ki pa apwopriye oswa ki pa itil.



**Si ou sispèk fwod oswa abi Medicaid,
kontakte Biwo Enspektè Jeneral Medicaid la**

877-87-FRAUD / 877-873-7283

www.omig.ny.gov/medicaid-fraud/file-allegation